



Enpak Chanjman Règleman Imigrasyon yo sou Kliyan IRC yo: Kesyon Yo Poze Souvan

*IRC kreye resous pou kliyan Ozetazini. Nou espere sa ap ede moun yo pi byen konprann dwa yo ak pwosesis imigrasyon an. Sepandan, enfòmasyon sa a pa ranplase konsèy legal ki soti nan yon avoka kalifye oswa yon reprezantan akredite. Enfòmasyon sa a presi apati **10 Fevriye 2026** epi li ka chanje rapidman akòz plis chanjman nan règleman ak/oswa desizyon tribinal yo.*

Kijan nouvo règleman imigrasyon yo pral afektem?

IRC kreye resous pou kliyan Ozetazini. Nou espere sa ap ede moun yo pi byen konprann dwa yo ak pwosesis imigrasyon an. Sepandan, enfòmasyon sa a pa ranplase konsèy legal ki soti nan yon avoka kalifye oswa yon reprezantan akredite. Enfòmasyon sa a presi apati 10 Fevriye 2026 epi li ka chanje rapidman akòz plis chanjman nan règleman ak/oswa desizyon tribinal yo.

Mwen se yon **Refijye**. Èske mwen an risk pou pèdi pwoteksyon mwen oswa pou yo depòtem akòz nouvo règleman imigrasyon yo?

Estat refijye pèmanan. Sepandan, nan dat 21 Novanm 2025, Gouvènman Ameriken an te pibliye yon nouvo règleman ki egzije revizyon ak posiblite pou yo fè yon nouvo entèvyou pou refijye ki te antre Ozetazini ant 20 Janvyè 2021 rive 21 fevriye 2025. Si ou te antre Ozetazini kòm refijye pandan peryòd sa a, li rekòmande pou ou konsilte avèk yon avoka imigrasyon sou ka ou a ak kijan pou prepare pou yon posib entèvyou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon. [la](#).

Mwen soti **nan youn nan peyi ki sou lis "entèdiksyon vwayaj" la**. Èske mwen an risk pou pèdi pwoteksyon mwen oswa pou yo depòtem akòz nouvo règleman imigrasyon yo?

Nan dat 2 Desanm 2025, Gouvènman Ameriken an te pibliye yon nouvo règleman ki egzije revizyon ak posiblite pou yo fè yon nouvo entèvyou ak tout moun ki te antre Ozetazini nan dat 20 Janvyè 2021 oswa aprè, ki soti nan youn nan 19 "peyi ki gen entèdiksyon vwayaj" yo. Yo te elaji règleman an nan dat 2 janvyè 2026 pou enkli 20 lòt peyi an plis. Si ou se yon sitwayen youn nan peyi sa yo epi ou te antre Ozetazini nan dat 20 Janvyè 2021 oswa aprè, ou ka vle konsilte avèk yon avoka imigrasyon sou ka paw la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon. [la](#).



Mwen gen **Estat Pwoteksyon Tanporè (TPS)** oubyen **Libète Imanitè** (Program Biden). Èske mwen an risk pou pèdi pwoteksyon mwen oubyen pou yo depòtem dapre nouvo règleman sa yo?

Gouvènman ameriken an te mete fen nan TPS pou anpil peyi ki te deja deziyen. Si yo mete fen nan TPS la, moun ki genyen TPS kounye a p ap kapab renouvle TPS yo oswa otorizasyon travay yo epi yo ka sibi detansyon ak/oswa ekspilasyon. Tanpri tcheke [la](#) pou wè yon lis ajou sou peyi ki toujou deziyen pou TPS ak dat valide ki aplikab pou chak.

Yo mete fen nan libète kondisyonèl pou anpil moun ki te antre Ozetazini avèk libète kondisyonèl pou rezon imanitè. Si ou gen estat libète kondisyonèl kounye a, ou ta dwe chèche asistans legal ijan pou evalye si ou ka mande yon lòt libète kondisyonèl oubyen pou chèche lòt opsyon legal ak pwoteksyon kont deportasyon.

Ki dokiman mwen ta dwe mache avèk mwen?

Nòt: Li rekòmande pou toujou mache ak dokiman orijinal yo oubyen kopi papye avèk ou. Asire w ou gen kopi anplis nan yon kote ki an sekirite lakay ou.

Estat	Dokuman Pou Mache
Si ou gen <u>estati imigrasyon aktyèl</u>	Toujou mache ak dokiman ki bay prèv sou sitiyaasyon imigrasyon ou Ozetazini, tankou: 1. <u>Prèv I-551</u> pou Rezidans Pèmanan Legal (Kat Vèt) 2. <u>Prèv I-94</u> pou antre legal oswa paspò ak so oswa lòt dokiman vwayaj ak viza/so dantre 3. <u>Kat Otorizasyon Travay</u> (pèmi travay) 4. <u>Prèv I-797</u> Avi Apwobasyon pou sitiyaasyon imigrasyon ou 5. <u>Lisans chofè ki soti nan Leta a</u>—Sèlman si Eta' w la egzije sitiyaasyon imigrasyon aktyèl pou jwenn yon lisans chofè
Si <u>estati w la annatant</u> (sa vle di ou te aplike pou yon benefis oswa pwoteksyon imigrasyon men ou poko gen yon rezilta nan ka w la)	Mache <u>ak kopi resi USCIS yo (I-797)</u>. Nòt: Lè w gen yon aplikasyon annatant pou estati w, sa ka pa pwoteje w kont detansyon oswa ekspilasyon.
Si <u>ou nan pwosedi pou w retire w nan peyi a epi ou pa gen yon kat otorizasyon travay</u>	Mache ak yon kopi <u>Avi Odyans</u> ou a, nenpòt <u>resi</u> ou ka genyen pou aplikasyon ou te depoze yo, oswa <u>avi libète sou kondisyon</u> (si sa aplikab).
Si ou <u>san papye</u>	<u>PA mache ak kopi</u> idantite nasyonal ou oswa paspò nasyonal ou paske yo ka itilize yo kont ou nan tribinal imigrasyon an. Nòt: Ou pa dwe mache ak okenn fo dokiman oswa dokiman ki pou yon lòt moun.
Si ou <u>san papye</u> oswa <u>estati ou an en atant</u> , ou pa nan <u>pwosedi pou yo retire w, EPI ou Ozetazini pou 2 zan oswa plis</u> .	Mache ak <u>prèv adrès fizik</u> ou Ozetazini pou plis pase 2 zan pou pwoteje tèt ou kont ekspilasyon rapid. Nòt: sa pa pwoteje w nèt kont detansyon oswa depòtasyon men li ka pwotejew kont ekspilasyon rapid. Sa ka gen ladan kopi bagay sa yo: • Prèv deklarasyon taks pou twa dènye ane yo (sèlman si ou itilize yon ITIN oswa yon nimewo Sekirite Sosyal ki valab) • Dokiman lokasyon oswa kontra lokasyon • Fakti sèvis piblik • Dosye lekòl ou oswa pitit ou yo • Nenpòt lòt dokiman ou ka genyen ki pwouve ou te Ozetazini pou plis pase 2 zan

KONNEN DWA OU YO!

Tout moun k ap viv Ozetazini, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, gen dwa anba Konstitisyon Etazini an.

Si lapolis oswa yon ofisye imigrasyon kanpe w oswa kesyone w, sonje **ou gen dwa sa yo:**

- **Ou ka refize pale avèk yo.** Ou pa oblije di ki kote w te fèt oswa kijan ou te antre Ozetazini.
- Si ou pa yon sitwayen Ameriken epi yon ofisye imigrasyon mande papyè w yo, ou dwe montre yo si w genyen yo avèk ou. Toujou mache ak dokiman imigrasyon w yo avèk ou. **Si ou pa gen papyè imigrasyon, di ou vle rete an silans.**
- Si w lakay ou, **ou pa oblije kite ajan lapolis rantre sof si yo prezante yon manda jidisyè, siyen pa yon jij oswa yon majistra.**
- Ou gen **dwa pale ak yon avoka.**
- **Anvan ou siyen kwakseswa, pale ak yon avoka.**
- **Mache ak yon [Know Your Rights Red Card](#) nan lang ou** epi montrel si yon ofisye imigrasyon kanpe w.

Tanpri itilize lyen ki anba yo pou jwenn **plis enfòmasyon** sou kijan pou pwoteje dwa ou yo:



[ILRC Red Cards](#)



[Wehaverights.us](#)



Enpak Chanjman Règleman Imigrasyon yo sou Kliyan IRC yo: Kesyon Yo Poze Souvan

Pou prepare pou **ijans**, tankou detansyon oswa separasyon ak fanmi ak moun ou renmen yo:

Aplikasyon **ReadyNow!** la se yon aplikasyon mobil gratis e an sekirite ki fèt pou ede imigran yo prepare pou yon posib detansyon epi aji rapidman nan moman kriz lè li avèti zanmi ak fanmi yo byen vit ak enfòmasyon enpòtan yo bezwen pou yo ka aji rapidman epi ede w si otorite imigrasyon yo kenbe w. Aplikasyon an disponib nan plizyè lang.

1. **Sistèm alèt ijans yon sèl klik.** Alèt la avèti kontak ijans ou te deziyen yo ak founisè asistans legal la imedyatman avèk plan ijans ou yo nan ka otorite imigrasyon yo ta kenbe w.
2. **Planifikasyon Ijans Senplifye.** Plan Ijans ou a se yon seri mesaj pèsonalize pou voye bay rezo sipò ou a nan ka otorite imigrasyon yo ta kenbe ou.
 - Premyèman, kreye yon mesaj sipò legal. Yo pral voye mesaj sa a bay avoka imigrasyon ou a si ou genyen youn. Si ou pa genyen youn, ou ka chwazi pataje enfòmasyon ou yo ak yon rezo avoka pro bono.
 - Dezyèmman, kreye yon mesaj sekirite pèsònèl pou zanmi pwòch ak fanmi. Mesaj sa a pral genyen enfòmasyon yo bezwen pou yo jwenn ou epi defann ou. ReadyNow! rekòmande pou ou mete non ak enfòmasyon kontak avoka ou a (si ou genyen youn), nimewo A ou ak lyen pou lokalizatè prizonye ICE sou entènèt la pou moun ou renmen yo ka jwenn ou, nenpòt enfòmasyon sante kritik, ak kote dokiman enpòtan ou yo ye.
 - Twazyèmman, kreye mesaj separe adisyonèl pou gadri, swen granmoun aje, swen bèt kay, ak absans travay sanzatan. Chak nan mesaj sa yo, si ou chwazi pou kreye yo, yo pral voye bay kontak espesifik.

Remake byen ke ou ka vle pataje plan ijans ou yo ak fanmi ak zanmi anvan ou peze bouton Alèt la. Aplikasyon ReadyNow! lan bay yon opsyon pou pataje yon kopi plan ijans yo ak kontak kle'w yo davans.

3. **Koneksyon ak sipò legal.** Lè w ap mete plan ijans ou an plas, ou pral gen opsyon pou bay pèmasyon ou pou pataje enfòmasyon ou yo ak yon rezo nasyonal founisè sèvis legal imigrasyon ak defansè kap reponn a ijans yo. Si ou chwazi opsyon sa a epi ou aktive Bouton Alèt la, enfòmasyon ou yo pral pataje imedyatman ak rezo sipò legal nasyonal la, ki pral eseye konekte ou ak yon reprezantan legal ou fè konfyans. Tanpri sonje ke chwazi opsyon sa a pa garanti ke yo pral mete ou ak yon avoka nan ka detansyon, paske sa pral depann de disponiblite, kote ou ye a, ak bezwen legal espesifik la.

Pwoteksyon vi prive ak sekirite. Tout done yo chifre, estoke sèlman sou aparèy itilizatè a, epi efase aprè yo fin voye yon alèt, sa ki anpeche ofisyèl gouvènman yo jwenn aksè si yo sezi telefòn nan.

ReadyNow! disponib kounye a pou telechaje gratis sou ni [Apple App Store](#) ak [Google Play](#).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak resous ou ta renmen pataje ak fanmi w ak zanmi w pou prepare w pou yon detansyon potansyèl epi ede yo reyaji efektivman nan “[5 Bagay ou ka fè si ICE oswa Patwouy Fwontyè a kenbe yon moun ou renmen!](#)”.



Kijan Mwen Ka Jwenn Asistans Legal ak Lòt Sipò?

Pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ki akredite pa Depatman Lajistis sou opsyon ou genyen antanke yon imigran Ozetazini. Kontakte yon avoka imigrasyon prive oswa yon founisè sèvis legal imigrasyon ki pa pou pwofi pou konprann opsyon ou yo.

Ou ka chèche yon avoka imigrasyon prive nan zòn yo a atravè [Asosiyasyon Avoka Imigrasyon](#) ak [Pwojè Defans Moun kap chèche Azil \(ASAP\)](#) lis [avoka prive ASAP](#). [Anyè Nasyonal Sèvis Legal Imigrasyon](#) an genyen tou yon lis founisè sèvis legal imigrasyon ki pa pou pwofi nan tout peyi a, ou ka fè rechèch pa zòn. Akòz gwo demann lan, li ka difisil pou jwenn èd rapidman nan men yon founisè sèvis legal touswit.

Ou kapab kontakte tou [Rezo Liy Dirèk Repons Rapid](#) lokal ou a pou sipò ijans, paske rezo sa yo souvan **gen ladan yo yon seri sipò kominotè ki pi laj**.

Evite Frod Imigrasyon Yo!

Mande kalifikasyon avoka imigrasyon an oswa reprezantan akredite DOJ ki ap edew la.

- Sonje byen se sèlman avoka imigrasyon ak reprezantan akredite ki ka ba ou konsèy legal. Fè atansyon ak notè oswa notè piblik ki pa otorize oswa kalifye pou bay konsèy imigrasyon. Yap gaspiye tan ou ak lajan ou epi yo ka mete ou menm ak ka ou an gwo danje.
- ☐ Anvan ou anboche yon moun pou ede w ak dosyew la, mande pwofesyonèl la kalifikasyon li yo. Èske moun nan se yon avoka oswa yon reprezantan akredite? Konbyen eksperyans moun nan genyen nan lalwa imigrasyon? Klike sou lyen sa a pou plis enfòmasyon sou [Frod Imigrasyon](#).



Tanpri itilize lyen ki anba yo pou jwenn **asistans legal** nan vil ou a:

Rezo Defansè Imigrasyon	Asosiyasyon Avoka Imigrasyon	Lis Avoka prive ASAP	Rezo Liy Dirèk Repons Rapid	ImportaMí (pou jèn ki te antre Ozetazini san paran oswa gadyen legal)
---	--	--------------------------------------	---	---

